



# HWARO HWEHURUMENDE YAMWARI





"Zino shato yakatsamjira mukadzi, ikaenda kundorwa navamhe vana vake, vanocengeta mirairo yaMhari, navanobata kupupura kwaJesu" (Zvakazarurwa 12:17)



I  
"Não farás outros ídolos diante de Mim."  
II  
"Não farás para ti imagem de escultura."  
III  
"Não tomarás o nome do Senhor teu Deus em vão."  
IV  
Lembra-te do dia do sábado para o santificar."

V  
"Honra teu pai e tua mãe."  
VI  
"Não matarás."  
VII  
"Não adulterarás."  
VIII  
"Não furtarás."  
IX  
"Não dirás falso testemunho."  
X  
"Não cobiçarás."






Nokucherechedza nyika yakatipoterredza tinogona kuona kuti Mwari akasika mitemo inoitungamirira. Mitemo inogadza, semuenzaniso, nzira iyo chipenyu chinokura nekubudirira. Pane mutemo unotitadzisa kukandwa kunze uku Nyika ichitenderera nekumhanya ukuru munzira yayakagadzika yakatenderedza zuva.

Mwari akasikawo Mutemo unoratidza maitiro atinofanira kuita, uye unodzora nawo vagari venyika ino nevedzimwe nyika, kusanganisira ngirozi.

Mwari anodyara Mutemo uyu mumunhu wese ane pfungwa ari muchadenga ( VaRo. 2:15 ). Zvisinei, chivi chakanganisa Mutemo matiri. Naizvozvo, Mwari pachake aitofanira kuutumira kwatiri nenzwi uye nokunyora(Deut. 4:13).



**Mutemo:**



**Mutemo muSenjuwari yoKudenga.**



**Mutemo Unogara Nokusingaperi.**



**Sabata:**



**Zvinoreva Sabata.**




**Sabata nenguva yekupedzisira.**



**Mutemo, Sabata uye kunamata.**

# MUTEMO





# MUTEMO MUSENJUWARI YOKUDENGA

**"Ipapo tembere yaMnari iri kudenga yakazarurwa; areka yesungano ikavonekwa mutembere yake"**  
(Zvakazarurwa 11:19a)



Johani akaona senjuwari yokudenga yakazarurwa, uye mairi, areka yesungano "ikavonekwa" (Zva. 11:19). Areka yenzvimbo tsvene yokudenga yakanga yavigwa kutozosvikira panguva iyoyo here? Chii chaimiririra chiratidzo ichi?

Kuti tinzwisise muono uyu, tinofanira kutarisa senjuwari yepanyika, netsika dzaipembererwa imomo.

Areka yakaramba "yakavanzwa" gore rose, uye yaigona "kuonekwa" chete paZuva Rokuyananisira ( Revh. 16:2, 12-13 ). Zuva iroro kutongwa kwaiitwa, uye zvivi zvaibviswa zvachose (Revh. 16:30).

Chiono chakapiwa Johani chinoratidzira kuti, nokukurumidza pashure pezviono zvechitsauko 11 (kureva, apo Bhaibheri rakapararira zvikuru mukuvamba kwezana ramakore rechi 19), Rutongo muKudenga rwakavamba.

Kufanana nesenjuwari yepanyika yakafanana nayo, areka ine mitemo gumi, iyo yatinozotongwa nayo. Inewo chigaro chetsitsi, mucherechedzo wetsitsi dzaMwari, uko ropa raJesu rinofukidza zvivi zvedu(1Pt. 1:18-19; 1Jn. 2:2; Mapis. 85:10).





# MUTEMO UNOGARA NOKUSINGAPERI

“Musafunga kuti ndakavuya kuparadza murairo kana vaprofitu: Handina-kuvuya kuparadza, asi kuzadzisa” (Mateo 5:17)

Kunyange zvazvo zvino zvazivikanwa zvikuru kunzwa kuti Jesu akabvisa mitemo 10 pamuchinjikwa, yakanga isiri dzidziso yevavandudzi, uye hazvisi izvo zvinodzidziswa neBhaibheri.

Nepo chiri chokwadi kuti, pamuchinjikwa, mitemo nemitambo zvine chokuita nesenjuwari yapasi zvakarega kushanda, izvi zvakanga zvisina kudaro noMitemo ine gumi(VaEfe. 2:15).



## Hunhu hwaMwari


“Kururama nokururamisa ndidzo nheyo dzecigaro cenyu covushe” (Mapis. 89:14a)

“Ngoni nezokwadi zinokutungamir irai” (Mapis. 89:14b)

## Mutemo

“Nokuti mirairo yenyu yose yakarurama” (Mapis. 119:172b)

“murau wenyu izokwadi” (Mapis. 119:142b)



Mutemo waMwari ndewekusingaperi, hauna nguva, wakakwana, uye unodzora maitiro evanhu vose vakasikwa naMwari (Mapis. 19:7; 119:142; VaRo. 7:7, 12, 16, 22, 25; 1Jn. 3 :4).

Kutaura zvazviri, Mutemo unogara nokusingaperi nokuti unoratidza hunhu hwaMwari.

# SABATA





# ZVINOREVA SABATA

**"Rangarira zuva resabata, kuti uricenge rive dzene" (Ekirodho 20:8)**

**Mutemo wechina unoda kuchengetwa kweSabata nokuda kwezvikonzero zviviri: nokuti Mwari akatisika ( Eki. 20:8-11 ); uye nokuti akatidzikinura(Deut. 5:12-15).**

**Kwatiri, Sabata rinoreva kumbomira muvhiki kurumbidza Musiki wedu; kufungisisa nezvorudo rwake runodzikinura; uye rangarira chipikirwa chake chokugara Naye muZvisikwa Zvitsva. Kunzwisisa nenzira iyi, Sabata kwatiri chikomborero chakakosha kubva kuna Mwari wedu.**



**Kune rumwe rutivi, rinotiyeuchidza kuti Mwari akatida zvikuru zvokusagona kutisiya apo takaparadzana naye.Chiratidzo chekuzorora, kwete mabasa; chenyasha, kwete zve mutemo; zvechengeteko, kwete zve kutongwa; zvekutsamira pana Mwari kuti atiponese, kwete pakuedza kwedu pachedu kuita kudaro.**

**Nokuchengeta Sabata, tinoratidza kuvimbika kwedu kuna Mwari, uye chido chedu chokunamata Iye oga.**



# SABATA NENGUVA YEKUPEDZISIRA

**"Cikapiwa masimba okupa mufananidzo wecikara mneya, kuti mufananidzo wecikara utaure, ciraire kuti vose vasinganamati mufananidzo wecikara vavurawe" (Zvakazarurwa 13:15)**

Zvakazarurwa 13 inotsanangura masimba akasiyana anoshandiswa naSatani kunyengera nyika kuti ibve kuna Mwari. Zvese zviri muchitsauko ichi zvine chekuita nekunamata (Zva. 13:4, 8, 12, 15).

Rimwe remasimba ataurwa rine chekuita nerunyanga ruduku rwaDanieri 7, urwo rwunoda kushandura nguva nemutemo (Zva. 13:5; Dan. 7:25 - nhambo yemwedzi 42 yakangofanana nguva imne nedzimne nguva, nehafu yenguva).




Simba iri rakabvisa murairo wechipiri (kunamata mifananidzo), rikashandura wechina (nguva yekunamata), richitamisa hutsvene hweMugovera kuenda kuSvondo.

Munguva dzekupedzisira, achamanikidzwa kunamata "mufananidzo" nokurambidza kutenga nokutengesa [mabasa anorambidzwa paSabata] ( Zva. 13:14-17 ). Ichi "chiratidzo chechikara" chiratidzo chinotiudza nezvevaya vachagamuchira Svondo yakatangwa nomunhu sezuva rokunamata, panzvimbo peMugovera wakatangwa naMwari.







MUTEMO, SABATA UYE  
KUNAMATA



«Akati nenzwi guru, "Ityai Mhari, mumurumbidzei; nokuti nguva yake yokutonga yaşika; namatai iye, wakasika denga, nenyika"» (Zvakazarurwa 14:7)



Shoko rakapetwa katatu rinoziviswa munguva yomugumo rine chokuita nokunamata uye, naizvozvo, neSabata noMutemo waMwari.

**Shoko  
rokutanga**

**Zvakazarurwa 14:6-7**

**Gadzirirai rutongo (uyo chiyero chiri Mutemo), uye namata Musiki (sezvatinoyeuchidzwa neSabata)**

**Shoko  
rechipiri**

**Zvakazarurwa 14:8**

**Ibva pamasangano ezvitendero anopa kunamata kwenhema kuna Mwari**

**Shoko  
retatu**

**Zvakazarurwa 14:9-11**

**Sarudza kuti ndiani uye sei wokunamata: Mwari, kuchengeta Sabata; kana muvengi uchigamuchira chiratidzo chake**



Zvimiro zviviri zvinopiwa zveavo vanomira vakasimba munguva yomugumo: “vanocengeta mirairo yaMhari nokutenda kwaJesu” (Zva. 14:12).

Kuti vachengete mirairo munguva idzodzo dzakaoma, vanofanira kugamuchira kutenda kwaJesu: kusingazununguki; kwakadzika; kusingakundiki.



**“Dai Sabata raichengetwa pasi rose, mifungo yomunhu nezvidakadaka zvake zvingadai zvakatungamirirwa kuMusiki sechinhu chokuremekedzwa nokunamata, uye pangadai pasina kumbova nomunamati wezvifananidzo, asingadaviri kuvapo kwaMwari, kana kuti asingatendi. Kuchengetwa kweSabata chiratidzo chokuvimbika kuna Mwari wechokwadi, “Iye akasika denga, nenyika, negungwa, namatsime emvura.” Zvinotevera kuti shoko rinoraira vanhu kunamata Mwari nekuchengeta mirairo yake richavadaidza zvikuru kuti vachengete mutemo wechina” -Non Official Translation by Gift Mawoyo**